

**TRADHISI ILA-ILA ING PESAREYAN MBAH RATU AYU
KECAMATAN TAMAN KABUPATEN SIDOARJO**

Suci Maulidiyah

Pembimbing: Yohan Susilo,S.Pd.,M.Pd.

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA (Sucimaulidiyah@mhs.unesa.ac.id)

**Abstrak
ABSTRAK**

Tradhisi ila-ila yaiku arupa slametan kang ditindakake ing pesareyan MbahRatu Ayu dening warga Desa Wage nalika arep nduwe gawe. Underane panliten,yaiku: 1) Kepriye mula bukane *TII* ing pesareyan Mbah Ratu ayu, KecamatanTaman, Kabupaten Sidoarjo; 2) Kepriye tatal aku adicara *TII*; 3) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane ka ng ana ing *TII*; 4) Apa pigunane *TII* tumrap bebrayan; 5) Kepriye owah-o wahan sajrone *TII* tumrap bebarayan masyarakat.

Paedah panliten iki, yaiku: 1) Nambahi kawruh ngenani tradhisi utamane *TII*; 2) Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan cikal bakal *TII*; 3) Kanggo dhokumentasi, mligine tumrap masyarakat Dhusun Sri Tanjung ing babagan kabudayan amrih tansah dijaga lan diuri-uri supaya bisa dimengerteni kabeh dhaerah saka sajabane Dhusun Sri Tanjung; 4) Owah-owahan diandharake kanggo mangerteni pambada-pambada kang ana sajrone *TII* yaiku pambada saka jaman biyen nganti jaman saiki.

Tradhisi ila-ila bakal ditintingi nggunakake tintingan folklor. Amarga tradhisi ila-ila iki minangka folklor saperangan lisan kang ngrembug bab makna lan fungsi folklor kanggo masyarakat. Kanggo ndhudhah masalah sajrone panliten iki kudu nggunakake teori lan konsep kang cundhuk karo masalah. Kanggo ngandharake babagan makna nggunakake konsep makna simbolis yaiku teori semiotik Pierce. Owah-owahan nggunakake konsep Koentjaraningrat. Fungsi nggunakake teori saka William R. Bascom lan Alan Dundes.

Metodhe kang digunakake sajrone panliten iki, yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhata kang ana sajrone panliten iki kaperang dadi sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* yaiku adicara *TII* dhewe, dene sumber dhata *sekunder* yaiku buku-buku, dhata monografi, gambar dhokumentasi kang gegayutan karo tradhisi kasebut. Dhata kang diklumpukake awujud tetembungan, ukara, gambar, lan wacana.

Asil saka panliten iki nuduhake yen *TII* ditindakake ing pesareyan MRA nalika ana wong kang arepe nduwe gawe. *TII* iki arupa slametan kang dibacutake nyekar menyang pesareyan MRA. Dinane bisa dina apa wae gumantung karokahanane. Ubarampe kang digunakake sajrone *TII*, yaiku; tumpeng kang lawuhe kudu ana kepiting karo iwak bandeng, jadah, gedhang raja, kembang setaman, lan dupa.

Tembung Wigati : Tradhisi Ila-ila, Mbah Ratu Ayu

PURWAKA

1.1 Landhesan Panliten

Bangsa Indonesia minangka sawijining bangsa kang dumadi saka maneka warna suku. Miturut J.M Melalatoa sajrone Koentjaraningrat (2005:4) suku bangsa kang ana ing Indonesia cacah kurang luwih watara 500 suku. Suku bangsa kasebut dumunung saka Sabang nganti Merauke. Suku bangsa kasebut nduweni kabudayan kang beda ing antarane siji lan sijine. Sudikan (2001:4) ngandharake kabudayan Indonesia diperang dadi telung golongan, antarane yaiku: (1) kabudayan nasional, katindakan sajroning kantor-kantor

pamarentahan, sekolah, universitas, lan kegiatan-kegiatan upacara kang asipat nasional, (2) kabudayan dhaerah, minangka wujud saka maneka warna kagiyatan-kagiyatan panguripan saka para masyarakat suku bangsa kang pathokane saka pranata-pranata sosial kang sumbere ing kabudayan suku bangsa, (3) kabudayan lokal, minangka wujud saka masyarakat majemuk kang masyarakate luwih siji suku bangsa, saengga kagiyatan-kagiyatan kasebut pathokane saka pranata-pranata sosial kang sumbere saka kabudayan-kabudayan suku bangsa kang ana, sarta

oleh pangaribawa kabudayan nasional. Katelu kabudayan kasebut nduweni sesambungan kang ora bisa uwal ing antarane siji lan sijine. Kabudayan lokal ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan dhaerah, kabudayan dhaerah ora bisa kuwat tanpa disengkuyung kabudayan nasional, lan uga suwalike. Cundhuk klawan andharane Sudikan, kabudayan suku bangsa utawa kabudayan dhaerah mujudake asile saklompok manungsa kang kaiket dening kesadharan, rasa idhentitas lan anane upaya nyawijekake budaya kang ana ing dhaerah utawa suku bangsa tartamtu. Salah sawijining kabudayan kang ngrembaka lan nduweni penyengkuyung kang akeh yaiku kabudayan Jawa.

Kabudayan nasional bisa disengkuyung dening masyarakat. Kabudayan minangka warisan cikal bakal kudu dilestarekake kanthi nggunakake aturan-aturan tartamtu. Kabudayan asale saka basa Sansekerta yaiku buddhaya, wujud jamak saka tembung buddhi kang tegese budi utawa akal. Kabudayan bisa ditegesi minangka asil karyaning manungsa kanthi sarana pakulinan anggane padha nggegulang kapinteran (Koentjaraningrat, 1984:15)

Kabudayan Jawa kuwi minangka maneka wernaning kabudayan kang manggone ana ing tlatah Jawa lan isih kalebu wewengkon kabudayan Jawa. Miturut Koentjaraningrat (1994:25) kabudayan Jawa kuwi asipat heterogen, ateges kabudayan Jawa kuwi nduweni maneka warna karagaman kang sipate regional yaiku sadawane dhaerah Jawa Tengah lan Jawa Wetan. Kaanekaragaman regional kabudayan Jawa kasebut kayata anane panganan, basa, upacara-upacara, kesenian rakyat, lan seni swara.

Koentjaraningrat (1994:25) merang kabudayan Jawa dadi sub-sub budaya Jawa yaiku kabudayan kang ana ing keraton lan kabudayan kang ana ing pesisir. Sub-kabudayan keraton punjere ana ing Jawa Tengah yaiku mapan ing dhaerah Yogyakarta lan Solo. Kabudayan kang asipat keraton kuwi minangka wujud *akulturasi* saka unsur-unsur agama, yaiku agama Hindhu, Budha, lan Islam. Dhaerah kerajaan kang ana ing Jawa Tengah iki miturut Koentjaraningrat sinebut Negariagung. Sub-kabudayan pesisir yaiku kabudayan kang ana ing dhaerah pesisir lor pulo Jawa. Kabudayan pesisir iki nyakup dhaerah saka Indramayu-Cirebon ing sisih kulon, nganti tumekaning kutha Gresik ing sisih wetan.

Kabudayan Jawa kang mapan ing dhaerah pesisir, mligine ing dhaerah Jawa Wetan nduweni dhialek basa kang khas kayata kabudayan kang ana ing dhaerah Surabaya. Surabaya minangka sawijine dhaerah ing Jawa Wetan kang dadi gapuraning piwulang lan kabudayan Islam lumebu ing kabudayan Jawa, (Koentjaraningrat, 1994:26).

Sudikan (2001:5) ngandharake kabudayan lokal yaiku wujud kagiyatan-kagiyatan panguripan saka warga kang wis dadi bageyane masyarakat kang kasusun saka sawijining suku, saengga kagiyatan kasebut nduweni pranata-pranata sosial kang sumbere saka kabudayan-kabudayan suku bangsa asline lan uga bisa mangaribawani tumrap kabudayan nasional. Kabudayan lokal minangka gambaran saka maneka warna budaya kang ana ing dhaerah tartamtu lan minangka sawijining idhentitas dhiri sawijining masyarakat. Salah sawijine wujud sub-kabudayan lokal yaiku kabudayan kang ana ing Jawa Wetan mligine ing dhaerah Sidoarjo. Salah sawijine kabudayan lokal ing Sidoarjo yaiku anane pesareyane Mbah Ratu Ayu kang bisa dicekak MRA ing Dhusun Sri Tanjung Desa Wage Kecamatan Taman Kabupaten Sidoarjo. Pesareyan MRA iki ora ditintangi nganggo tintingan budaya nanging nggunakake tintingan folklor. Panliti nggunakake tintingan folklor amarga babagan kang onjo yaiku tradhisi kang ana ing pesareyan MRA. Danandjaja (1984:2) ngandharake folklor yaiku kabudayan sawijine kolektif tartamtu kang sumebar lan diwarisake kanthi cara turunturun, kanthi tradhisional lan nduweni versi kang maneka warna, bisa awujud lisan utawa tulisan kanthi gerak isyarat utawa piranti kanggo pangling-eling.

Salah sawijine kabudayan lokal kang dikaji panliti kanggo ngonceki yaiku kabudayan lokal kang ana ing Dhusun Sri Tanjung Desa Wage Kecamatan Taman Kabupaten Sidoarjo yaiku Tradhisi Ila-ila kang bisa dicekak (TII). TII ing pesareyan MRA nduweni daya tarik kang mligi tumrap masyarakat, kayata: (1) ditindakake saben ana pawongan arep nduwe gawe, lan tiba ing dina Kemis Wage, (2) nduweni tata laku kang beda karo tradhisi liyane, (3) Papan panggonan ana ing pesareyan MRA (Mbah Ratu Ayu) minangka cikal bakale Desa Wage, (4) ngandhut makna kang wigati tumrap panguripane masyarakat, (5) ana

saperangan kang ngalami owah-owahan saka taun sadurunge.

TII iki nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane masyarakat Wage. Tradhisi iki kudu tansah dilestarekake kanthi cara ditindakake ing saben arepe nduwe gawe supaya nalika nduwe gawe kuwi ora ana alangan apa-apa. TII kang ditindakake ing pesareyan MRA iki nuwuhake kapitayan sajrone masyarakat yaiku ngenani anane kekarepan supaya bisa kasil yaiku kanthi cara dedonga ing pesareyan MRA. Masyarakat percaya yen MRA kang mbabat alas Desa Wage.

Tradhisi iki tetep dijaga lan dilestarekake amarga warisan saka cikal bakal kanthi turun temurun wiwit biyen nganti saiki. TII ditindakake nalika ana wong kang arep nduweni gawe. Tradhisi kasebut arupa slametan kang ditindakake ing pesareyan MRA. Ubarampe kang kudu ana yaiku sajen, tumpeng lawuh iwak bandeng, kepiting, ingkung, urap-urap, jadah, lan gedhang raja. Saben ubarampe iku nduweni makna dhewe-dhewe lan nduweni sesambungan karo TII. Saliyane iku ing tradhisi iki uga ana tatalakune, ubarampe kang kudu ana lan dilakoni. Ing tradhisi iki masyarakat akeh kang nyengkuyung, amarga miturute tradhisi iki kudu tetep dijaga lan dilestarekake amarga warisan para cikal bakal, uga kalebu bentuk rasa sokur marang Gusti Kang Maha Kuwasa. Masyarakat isih percaya yen nindakake upacara kasebut, bakal diwenahi panguripan kang penak kebak berkah kanggo panguripan sabacute sawise nduwe gawe. Kajaba kuwi acara iki uga nduweni daya tarik kanggo wisata budaya lan bisa nglestarekake budaya bangsa lan tradhisi iki ora ana ing dhaerah liya lan uga akeh peziarah saka jabane dhaerah Sidoarjo kang kirim donga menyang pesareyan MRA. Pesareyan MRA nduweni latar kang amba lan ana wit gedhe.

Ngrembakane jaman saiki nduweni pangaribawa kang gedhe sajrone TII. Pangaribawa kasebut yaiku saperangan tata laku adicara utawa kagiyatan lan uga ubarampe ngalami owah-owahan. Owah-owahan saka tata laku lan ubarampe ndadekake masyarakat nduweni panemu kang beda saka taun sadurunge. Masyarakat saiki nduweni panemu kang luwih ringkes ngenani anane TII. Nanging saka anane owah-owahan kasebut ora ndadekake nilai spiritual lan magis kang ana sajrone TII dadi luntur.

Tradhisi kasebut dikarepake bisa narik kawigaten saka pamarintah dinas kabudayan. Kawigaten kasebut nduweni tujuwan supaya masyarakat luwih bisa mangerteni. Adhedhasar andharan ing ndhuwur kuwi, sawijine ancas saka panliten iki yaiku minangka wewujudan saka upaya ngrembakakake lan nguri-uri kabudayan Jawa supaya ora luntur kagerus pangrembakane jaman.

Panliten ngenani tradhisi iki sangertine panliti durung tau ana kang nлити. Mula saka kuwi, tradhisi kasebut narik kawigaten kanggo dianalisis luwih jero. Bab kuwi amarga adhedhasar andharan kasebut, tuwuh saperangan bab kang bisa ditintangi sajrone tradhisi kasebut. Panliten bakal ngonceki ing antarane yaiku ngenani wujud, makna lan simbol sajrone ubarampe tradhisi, fungsi, lan uga owah-owahan kang ana sajrone tradhisi kasebut. Adhedhasar sakabehe bab kasebut, mula saka kuwi panliti menahi irah-irahan tumrap panliten iki yaiku "*Tradhisi Ila-ila ing pesareyan Mbah Ratu Ayu Kecamatan Taman Kabupaten Sidoarjo*" kanthi tintingan Folklor. Panliten iki kalebu panliten kualitatif dheskriptif ngenani salah sawijine kabudayan kang ditujokake kanggo ngleluri lan ngelestarekake budaya Jawa.

1.2 Underane panliten

Adhedhasar saka lelandhesan panliten bisa didudut underane kang kaya mangkene, yaiku:

- (1) Kepriye mula bukane TII ing pesareyan Mbah Ratu Ayu, Kecamatan Taman, Kabupaten Sidoarjo?
- (2) Kepriye tatalaku adicara TII?
- (3) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing TII?
- (4) Apa pigunane TII tumrap bebrayan?
- (5) Kepriye owah-owahan sajrone TII tumrap bebarayan masyarakat?

1.3 Tujuwan Panliten

Adhedhasar underan panliten ing dhuwur, tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Ngandharake sejarah utawa asal-usule TII ing pesareyan Mbah Ratu Ayu, Kecamatan Taman, Kabupaten Sidoarjo.
- (2) Ngandharake tata lakune TII.
- (3) Ngandharake ubarampe apa wae ing TII.
- (4) Ngandharake ngenani pigunane TII tumrap masyarakat.

(5) Ngandharake kepriye owah-owahan sajrone *TII* ing bebarayan masyarakat.

METODHE PANLITEN

Sajrone panliten iki bakal diandharake ngenani rancangan panliten, objek lan papan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, metodhe lan teknik nglumpukake dhata, sarta tata cara analisis dhata.

3.1 Ancangan Panliten

Pamilihe metodhe kang trep kanggo panliten iku minangka babagan kang wigati. Kanthi metodhe sing trep bisa ngasilake sawijine panliten kang uga trep lan bisa ditanggung jawabake. Saliyane iku, uga bisa ndadekake gampang lan lancare panliti anggone nindakake panliten. Panliten iki nggunakake ancangan panliten kang asipat kualitatif dheskriptif.

Panliten kualitatif yaiku sawijine ancangan panliten kang ancane kanggo menahi cathetan-cathetan saka tandhane samubarang kang ditliti kanggo ngasilake dhata-dhata aktual lan akurat. Masalah kang ana ing panliten iki asipat durung mesthi lan bakal bisa diowahi sawise panliti ana ing lapangan (Sugiyono, 2011:205).

Saliyane iku, panliten kang sipat kualitatif jinis dheskriptif uga nduweni teges yaiku kanggo ndheskripsekake makna sajrone objek utawa kedadeyan kang didadekake kajian sajrone panliten. Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakake kwalitas dhata. Saliyane kuwi metodhe iki uga kanggo nggambarake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa ngolehake asil kang bener lan pener. Sudikan (2001:85) ngandharake panliten kualitatif kang asipat dheskriptif yaiku panliten kanthi cara nyathet kanthi njlimet lan tliti sakabehe kedadeyan kang di deleng, dirungu, lan diwaca lumantar sarana wawancara, cathetan lapangan, foto, *video tape*, dhokumen, lan liya-liyane.

Panliten jinis dheskriptif luwih ngutamakne kwalitas dhata. Dheskriptif nuntun supaya panliten kang dilakoni mung adhedhasar kasunyatan utawa fenomena empiris kang ngrembaka sajroning panuture, saengga kang dadi asile yaiku pesen-pesen awujud basa minangka andharan kang apa anane. Panliten kualitatif menahi kawigaten tumrap dhata alamiah, dhata kang kontekse gejala sosial kang salaras.

Saka andharan ing dhuwur bisa didudut yen panliten ngenani *TII* iki bisa ditinting nggunakake metodhe panliten kulaitatif dheskriptif. Panliten iki njlentrehake kabeh tetembungan utawa informasi ngenani *TII* sing bisa digoleki saka informan utawa sumbere. Kanthi nggunakake cara kasebut mau, saengga ndadekake panliten iki bisa ditanggung jawabake.

3.2 Objek lan Papan Panliten

3.2.1 Objek

Objek yaiku *variable* utawa apa kang dadi punjere salah sawijining panliten (Arikunto, 1998:15). Objek saka panliten iki yaiku *TII* ing pesareyan Mbah Ratu Ayu Kecamatan Taman Kabupaten Sidoarjo.

3.2.2 Papan Panliten

Papan saka panliten iki manggon ing pesareyan Mbah Ratu Ayu Kecamatan Taman Kabupaten Sidoarjo. Sidoarjo yaiku salah sawijining kutha ing Provinsi Jawa Timur kang wewatesan karo kutha Surabaya.

3.3 Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata lan dhata iku nduweni kalungguhan kang wigati. Lumantar sumber dhata bisa antuk informasi kang dibutuhake kanggo panliten. Saka dhata bisa antuk informasi kang dibutuhake kanggo panliten. Saka dhata bisa antuk katrangan saka obyek kang bakal ditliti.

3.3.1 Sumber Dhata

Sumber dhata lan dhata kalebu perangan saka panliten, amarga kanthi anane sumber dhata lan dhata panliten kang dilakoni bisa dibuktekake kanthi konkret. Sumber dhata bisa diolehake saka informan. Informan yaiku sapa wae kang bisa menahi informasi utawa katrangan ngenani objek panliten. Informan uga bisa kaperang dadi loro, yaiku informan *primer* lan *sekunder* utawa biasane uga bisa diarani informan kunci lan informan biyasa. Informan *primer* utawa informan kunci yaiku pawongan utawa klompok bebrayan kang nduweni informasi pokok ngenani budaya tartamtu kang ana ing sawijine dhaerah. Informan *sekunder* utawa informan biyasa yaiku informan kang dadi penyengkuyunge informan kunci (Endraswara, 2008:220).

Sudikan (2001:91) njlentrehake menawa, sapa kang kudu dadi informan kunci, kaya dene (1) informan nduweni pengalaman pribadhi kang padha karo perkara kang bakal ditliti, (2) dewasa, (3)

informan sehat jasmani lan rohani, (4) informan nduweni sipat netral, (6) informan kadhapuk minangka tokoh utawa sesepuh ing sajrone bebrayan, (6) informan nduweni kawruh kang luwih ngenani perkara kang dadi obyek panliten.

Andharan kang ana ing dhuwur mau bisa dingerteni menawa sumber dhata kang utama sajrone panaliten ngenani TII iki ana loro, yaiku sumber dhata *primer* lan *sekunder*. Sumber dhata *primer* ing panaliten TII iki yaiku babagan Tradhisi saka informan. Sumber dhata *sekunder* utawa sumber dhata tambahan ing panliten iki yaiku rekaman, dhokumentasi, lan buku-buku kang gayut lan bisa menehi wawasan ngenani TII.. Saka anane kaloro sumber dhata kasebut banjur bisa dadi dhata.

3.3.2 Dhata

Dhata yaiku asil cathetan saka panliti, kang arupa fakta uga bisa awujud angka (Arikunto, 2010:161). Maryaeni (2005:60) nduweni panemu menawa ana telung bab kang perlu digatekake nalika nintingi dhata ing sajrone panliten, yaiku: 1) *perspektif*, 2) *tekstualisasi*, lan 3) wujud makna. Saka panemu kang wis dijlentrehake ing dhuwur iku, mula kudu ana perangan olah basa kanggo dhata-dhata lisan lan tinulis supaya bisa mujudake *perspektif* kang luwih cetha. Saliyane iku, wujud makna dhata uga kudu digatekake, amarga asile dhata kuwi mau ngandhut sawijine makna kang kudu diandharake supaya luwih cetha lan rowa.

Dhata ngenani TII kang bakal diandharake bisa diperang maneh dadi loro yaiku dhata utama lan dhata tambahan. Dhata-dhata kasebut bakal diasilake kanthi cara ngamati, wawancara, lan dhokumentasi. Dhata utama yaiku katrangan utawa informasi kang diolehake saka informan kang dianggep ngerteni babagan legendha MRA. Dhata tambahan kang ana sajrone panliten iki awujud buku-buku kang gayut karo TII, potopoto, rekaman, dhokumentasi, lan dhata monografi kang bisa menehi wawasan ngenani TII.

3.4 Instrumen Panliten

Instrumen panliten miturut Sugiyono (2011:102), yaiku piranti kanggo nлити ngenani kadadeyan lan uga solah bawane manungsa. Dene miturut Arikunto (2009:134) instrumen panliten yaiku piranti kang digunakake kanggo mbiyantu panliti sasuwene nggoleki dhata. Saliyane iku, uga ana panemu liya saka (Tim Pusat, 2008:540), kang

ngandharake ngenani instrumen panliten yaiku piranti-piranti kang digunakake kanggo nggarap asile panliten.

Instrumen panliten sejatine ana rong kategori kang bisa digunakake sajrone panliten, yaiku 1) instrumen digunakake kanggo antuk katrangan utawa informasi ngenani kahanan obyek utawa proses kang diteliti, 2) instrumen digunakake kanggo ngontrol obyek utawa proses kang diteliti. Bab kang wigati sadurunge milih instrumen panliten yaiku mangerteni tujuwan ditindakake panaliten. Kualitas instrumen uga bakal nemtokake kualitas saka dhata kang wis dikumpulake (Santosa, 2007:63). Instrumen panliten ing kene ana telung jinis, yaiku panliti, dhaptar pitakonan, lan alat bantu.

Panliti yaiku salah sawijine pawongan kang nindakake panliten lan minangka dhalang sajrone panliten. Dhaptar pitakonan yaiku kumpulan saka pitakonan-pitakonan kang arep ditakokake marang informan dening panliti kanthi cara wawancara. Dhaptar pitakonan iki mengko dibutuhake nalika panliti golek informasi utawa katrangan ngenani TII. Sadurunge panliti nindakake wawancara marang informan, dhaptar pitakonan luwih dhisik kudu digawe. Gunane dhaptar pitakonan yaiku kanggo antuk dhata utawa informasi saakeh-akehe saka informan.

Sajrone penelitian kualitatif dibutuhake alat bantu utawa piranti kang nyengkuyung kanggo ngolehake dhata. Piranti iki uga digunakake kanggo nglumpukake dhata-dhata panliten. Piranti utawa alat bantu kang dibutuhake sajrone panliten iki yaiku:

- 1) Lembar observasi, digunakake kanggo nyathet sakabehe asil pengamatan kang dilakoni dening panliti.
- 2) Dhaptar pitakonan wawancara..
- 3) Kartu dhata kanggo klasifikasi dhata miturut masalah.

3.5 Tata Cara Nglumpukake Dhata

Sajrone panliten kualitatif nglumpukake dhata yaiku sakabehe cara kang bisa digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata (Arikunto, 2009:100). Sajrone panliten kualitatif uga teknik nglumpukake dhata kang utama yaiku observasi, dhokumentasi, lan wawancara. Tata cara nglumpukake dhata ngenani TII ing Dhusun Sri Tanjung Desa Wage Kecamatan Taman Kabupaten

Sidoarjo iki yaiku nggunakake teknik observasi, wawancara, dhokumentasi, rekaman, lan uga nyathet.

3.5.1 Observasi

Teknik observasi yaiku salah sawijine metodhe panliten ilmiah kang paling trep kanggo digunakake ing bidhang ilmu sosial. Observasi uga mujudake sawijine cara nglumpukake dhata kanthi nindakake pengamatan objek kang bakal ditliti nggunakake cara langsung lan ora langsung. Miturut Danandjaja (1984:197) observasi yaiku njingglengi utawa ngamati salah sawijine kedadeyan kanthi cara nggambarake kasunyatan kaya apa kang diinggeti. Sajrone panliten observasi ditindakake ora gumantung saka apa kang dijingglengi ananging uga saka pengalaman kang diduweni panca driya, kayata: pangrungu lan sapanunggalane.

Miturut Sudikan (2001:86) teknik pengamatan kuwi ana loro, yaiku: (1) pengamatan kanthi cara langsung. Ing pengamatan kanthi cara langsung iki panliti langsung njupuk dhata kanthi cara terjun langsung ing lapangan utawa nekani ing papan kang rep ditliti kanggo antuk dhata saka informan. (2) teknik pengamatan biyasa, yaiku teknik pengamatan kang sajrone panliten kang ditindakake, panliti tumindak minangka wong liya. Panliti ing kene ora melu njupuk dhata langsung, nanging bisa kanthi cara ngrungokake rekaman lan sapanunggalane.

Sudikan (2001:87) uga merang observasi adhedhasar sipat sesambungane dadi loro, yaiku *observasi biasa* lan *observasi terlibat*. *Observasi biasa* yaiku observasi kang ora ana sesambungane antarane panliti lan informan, jalaran panliti ora perlu melu cawe-cawe ing tumindake budaya kasebut. Kajaba saka iku, ing *observasi terlibat*, panliti nduweni sesambungan kang raket karo informan kanthi nuwuhake rasa percaya marang panliti saengga panliti bisa antuk katrangan saakehakehe ngenani samubarang kang ditliti. Kaunggulan saka teknik observasi yaiku, kanthi observasi panliti bisa melu ngrasakake apa kang ana ing lapangan. Kekurangan saka teknik iki yaiku, anggane nлити ora gampang, amarga panliti kudu wis ana suwe ing panggonan panliten.

Sajrone panliten ngenani TII iki nggunakake rong teknik observasi yaiku *observasi langsung* lan *observasi terlibat*. Tata cara observasi ing

panliten iki, yaiku 1) panliti nekani petilasan MRA kanggo ketemu karo Bapak Seken (63 taun) warga Desa Wage minangka juru kunci pesareyan MRA; 2) panliti ndeleng langsung adicara kang ana sajrone TII saka wiwitan nganti pungkasan; 3) panliti njupuk gambar TII lan adicara-adicara kang ana kanggo dhokumentasi; 4) panliti nyathet bab-bab kang wigati sajrone TII.

3.5.2 Wawancara

Wawancara minangka upaya nglumpukake dhata kanthi cara nyuwun pirsamarang pihak-pihak kang nduweni sesambungan karo tradhisi kasebut. Miturut Arikunto (2010:82) ngandharake yen wawancara yaiku tata cara nglumpukake dhata kanthi ngajokake pitakonan marang informan kang lagi menehi informasi. Hutomo (sajrone Sudikan, 2001:117) ngandharake bab kang perlu digatekake ing wawancara iki yaiku: (a) nalika wawancara kudu ditindakake nalika informan lagi lodhang utawa ngaso (wayah awan utawa bengi), (b) nalika nindakake wawancara aja suwi-suwi (luwih becik teka bola-bali), (c) nalika wawancara aja nganti nakokake bab-bab kang *sensitive*, (d) nalika wawancara ora oleh nggurui informan, (e) nalika wawancara ora oleh mbantah wangsulan saka informan.

Arikunto (2010:227), ngandharake menawa wawancara bisa diperang dadi telu: (1) wawancara *terstruktur* yaiku wawancara kang adhedhasar saka pitakonan kang sadurunge wis dicepakake, (2) wawancara *semi terstruktur* yaiku wawancara kang nggunakake pitakonan kang wis dicepakake lan pitakonan kang tuwuh ndadak, (3) wawancara *tak terstruktur* yaiku wawancara kang ora nggunakake ancangan pitakonan. Teknik wawancara kang digunakake panliti ing sajrone panliten iki yaiku nggunakake teknik wawancara *semi structural* amarga saliyane panulis nduweni ancangan pitakonan, nanging uga bisa nambahi pitakonan maneh menawa ana pitakonan kang tuwuh nalika wawancara ditindakake kang sesambungan karo TII.

Sajrone teknik wawancara iki panliti nggunakake *handphone* kanggo ngrekam wawancara kang ditindakake. Sajrone nindakake ngrekam, bab kang kudu digatekake supaya ora lali lan asil rekaman apik, mula kudu nduweni cathetan ngenani: (1) tanggal rekam, (2) panggon rekam, (3) rekaman asli utawa ora asli, (4) perekam (wong

kang ngrekam wawancara). Supaya katon luwih cetha utawa jelas bisa kanthi cara nambahi idhentitas infroman (Hutomo, 1991:78)

Sajrone panliten iki saliyané wawancara lan ngrekam uga mbutuhake cathetan kang gunane kanggo nyatahet bab-bab kang dianggep wigati menawa ana pitakonan kang sipate ndadak. Sasuwene panliten kang ditindakake, panliti uga nggunakake andharan kang ana ing Hutomo (1991:78-79) yaiku cathetan kang kudu digawe dening panliti iku kalebu kayata masalah rekaman, informan lan uga bahan utawa dhata. Bab kang prelu dicathet yaiku wangsulan kang wigati lan durung katut direkam, nyathet tembung-tembung kang durung dingerteni, nyathet idhentitas infroman kaya dening jeneng, umur, pakaryan utawa pendhidhikan, basa kang digunakake sabendinane lan bab liyané kang dianggep wigati.

3.5.3 Dhokumentasi

Dhokumentasi yaiku kanggo ngupadi dhata ngenani bab-bab utawa varian kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulen rapat, legger, agenda, lan liya-liyané (Arikunto, 2010:201). Tata cara nglumpukake dhata nganggo dhokumentasi uga penting, amarga dhokumen iki kang bakal ngasilake dhata visual kang ana sesambungan marang obyek panliten lan dhata-dhata kang wis diasilake kanggo bukti otentik.

Metodhe dhokumentasi iki kalebu metodhe kang ora angel, amarga yen kleru anggane ngandharake bab dhata, dhokumentasi kang bakal dititingi isih tetep. Wujud dhokumentasi kanggo panliten iki kalebu bab kang wigati, amarga asile dhokumentasi iki bisa digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani lokasi, informan lan bukti-bukti liyané kang selaras karo panliten iki saengga dhata kang ana bisa luwih dipercaya. Saliyané iku dhokumentasi uga bakal menehi gambaran umum ngenani dhokumen utawa dhata kang wis dikumpulake saka lapangan. Dhokumen kang ana yaiku bisa arupa poto, rekaman swara, kanthi nggunakake piranti kayata *handphone*, *laptop* lan *camera*. Poto lan uga rekaman kang ana kasebut ana sesambungane karo apa kang arep diteliti. Saliyané iku, poto lan rekaman kuwi mengkone digunakake minangka dhata kanggo njangkepi lan njlentrehake gambaran objek panliten, saengga kualitas asile panliten bisa

dipercaya. Umume sajrone panliten luwih nengenake bab dhokumentasi kanggo nguwatake asile panliten.

3.5.4 Teknik Transkrip Dhata

Transkripsi iku nduweni gegayutan karo mindhahake tulisan saka basa lisan ing basa tulis. Miturut Hutomo (1991:6) tatacarane *transkrip* dhata, yaiku (1) transkrip kanthi cara kasar yaiku, swara kang ana ing rekaman ditulis tanpa ngowahi hurup lan tandhane, (2) transkrip kasar iku mau banjur ditranslitake, (3) sawise iku, panliti miwiti anggane nyusun asil wawancara, (4) sawise asil saka transkripsi rampung, banjur bisa ditulis awujud teks.

Panliten ing TII iki nggunakake teori miturut Hutomo yaiku transkripsi mawa cara kasar, banjur dibenerake diwenehi tandha waca lan kang pungkasan yaiku diketik. Asil dhata saka metodhe iki yaiku teks wawancara saka informan. Sabanjure didadekake minangka sumber dhata.

3.6 Keabsahan Dhata

Dhata kang wis diasilake ing sajrone panliten ngenani TII iki kudu diuji lan dipriksa ngenani kabenerane, cara iki ditindakake supaya asile panliten iki bisa dipercaya. Miturut Sudikan (2001:169), keabsahan dhata iku bisa dibuktekake kanthi cara: 1) nindakake proses *triangulasi* bisa ditindakake kanthi patang cara yaiku *triangulasi* sumber dhata, *triangulasi* nglumpukake dhata, *triangulasi* tumrap metodhe pangumpulane dhata, lan *triangulasi* tumrap analisis sakabehane teori kanthi cara nggoleki teori kang relevan utawa selaras kang ana sajrone panliten; 2) nindakake *peer debriefing*, yaiku cara kang digunakake kanggo mriksa lan nguji asil paneliten kang bener; 3) *member check* lan *audit trial*, yaiku mriksa dhata kang isih mentah kaya dene asil rekaman, dhokumen, lan photo.

3.7 Teknik Analisis Dhata

Teknik analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe analisis dheskriptif digunakake kanggo dheskripsikake dhata-dhata kang ana ing lapangan sabanjure dianalisis lan ditafsirake saengga para pamaos bisa mangerteni kanthi gampang lan luwih gamblang utawa cetha.

Sugiyono (2011:244) ngandharake yen dhata-dhata kang wis diklumpukake iki diurutake luwih dhisik awujud pola, kategori, unit-unit, andharan banjur disinaoni lan nggawe dudutan, saengga gampang dimangerteni dening panliti uga wong liya.

Langkah-langkah kang bisa ditindakake sajrone teknik analisis dhata ing panliten ngenani TII iki yaiku kaya ing ngisor iki:

- 1) Dhata asil saka observasi lan wawancara dicathet kabeh utawa diklumpukake dadi siji.
- 2) Verifikasi dhata utawa tahap milih lan milah dhata adhedhasar saka rumusan masalah utawa undheran panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Andharan asiling panliten iki bakal ngandharake babagan etnografi desa lan andharan asiling panliten adhedhasar underane panliten. Ing bab etnografi ngrembug babagan desa, kang kaperang saka struktur pamarintah desa, warga, pangupa jiwa, sarta agama lan religi. Sabanjure ana andharan sejarah dumadine TII utawa mula bukane TII, tata laku adicara TII, jinis ubarampe sajrone tradhisi kasebut, makna lan fungsi kang kinandhut sajrone TII, sarta owah-owahan sajrone tradhisi kasebut.

4.1 Kahanan Desa Wage

Sadurunge ngrembug babagan TII, kang bakal dijlentrehake luwih dhisik yaiku ngenani asal usul desa lan kahanan alam desa Wage. Sajrone panliten kabudayan anane gegambaran kang ana ing desa Wage iki bakal ana sesambungane karo anane TII.

4.1.1 Asal-Usul Desa Wage

Masyarakat ing saben dhaerah nduweni sejarah kang dianggep lan dipercaya. Nalika jaman semana desa Wage durung ana lan isih awujud alas amba kang tanpa panguripan. Asal-usule kawiwitan saka anane cikal bakal kang dipercaya dening masyarakat desa Wage mligine minangka cikal bakal utama kang dadi pawongan kang wis babad alas lan mbangun desa lan menehi jeneng desa iki kanthi jeneng Wage. MRA yaiku salah sawijine cikal bakal kang isih ana tedhak turune

- 3) Klasifikasi lan kodifikasi, yaiku nglompokake dhata lan menehi kodhe-kodhe marang dhata-dhata kang wis diklumpokake mau.
- 4) Nafsirake dhata, yaiku dhata-dhata kang wis diklumpukake dianalisis siji baka siji kanggo nggoleki isi lan pesen kang kinandhut sajrone TII, mula buka tradhisi gegayutan karo anane legendha pesareyan MRA, tata laku adicara kasebut, jinis ubarampe, makna lan simbol, fungsi, lan uga owah-owahan kang dumadi sajrone tradhisi.
- 5) Nyusun draf saka asile panliten kanthi wujud draf skripsi. Pungkase njlentrehake bab dudutan babagan reringkesane isi panliten lan pamrayoga ngenani upaya kanggo pangrembakane TII.

saka kraton Mataram lan seda ing taun 1730 M. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki.

“Mbah Ratu Ayu niku keturunan saking kraton Mataram mbak, saliyané iku panjenengane kadhang diceluk kanthi jeneng Mbah Waliyuna, seda nalika taun 1730 M lan panjenengane iku nduweni anak angkat jenenge Maling Cluring sing penggaweyane maling tapi diwenehna marang wong sing ora nduwe mbak, lan Maling Cluring iku ya nyulik anake wak mudin Medaeng soale saking ayune anake wak mudin iku mau, mbak. Pungkasane wak mudin arep mateni Maling Cluring. (Bapak Seken, 15 Januari 2018)

Saka pethilan kasebut bisa dimangerteni yen MRA iku wong wadon keturunan saka kraton Mataram. Yen kaya mangkono bisa di mangerteni yen wong wadon kuwi sekti merga bisa mbabad alas bakale kanggo papan panguripane manungsa liyané. MRA nduweni anak angkat kang jenenge Maling Cluring kang penggaweyane seneng njupuk duweke liyan. Dheweke arep dipateni dening Mudin Medaeng amarga nyulik anake wadon.

Kahanan Alam Desa Wage

Desa Wage kalebu salah sawijine desa kang paling amba ing Kabupaten Sidoarjo lan manggon ing sisih lore kutha Sidoarjo. Ambane yaiku 207.030 ha, Jarak antarane desa Wage karo kecamatan

Taman wetara 5 km, dene karo kabupaten utawa kutha wetara 12 km, lan karo ibukota propinsi jarake wetara 8 km.

Desa Wage iki wewatesan karo desa Pepelegi kecamatan Waru ing sisih lor, desa Bohar kecamatan Taman ing sisih kidul, desa Bangah kecamatan Gedangan ing sisih wetan, lan desa Kedung turi kecamatan Taman ing sisih kulon. Desa Wage dhewe kaperang dadi telung dhusun yaiku dhusun Sri Tanjung kang dumadi saka 29 RT lan 10 RW, dhusun Margo Mulyo kang dumadi saka 27 RT lan 1 RW, lan dhusun Jati Agung kang dumadi saka 26 RT lan 3 RW. Desa Wage dhewe kaperang saka 82 RT kanthi 246 pawongan cacahé pengurus lan 14 RW kanthi 13 pawongan kang dadi cacahé pengurus. Dhusun Sri Tanjung desa Wage iki manggone strategis amarga cedhak karo kantor kelurahan desa Wage.

Desa Wage iki jembaré 207.030 ha, kang kaperang dadi lemah kering 196.197,92 ha lan lemah fasilitas umum 10.832,08 ha. Ing Desa Wage ora nduweni lemah sawah dadi ora ana petani utawa buruh tani. Lemah kering dadi pemukiman para warga desa Wage. Lemah fasilitas umum kaya dene lapangan, kuburan warga, lan kanggo pasar.

Mula bukane Tradhisi Ila-ila ing Pesareyan MRA

Mula bukane legendha pesareyan MRA diwiwiti nalika ana pawongan kang isih ana tedhak turune saka kraton Mataram lan seda ing taun 1010 M. pawongan iku jenenge Mbah Ratu Ayu kang nduweni anak angkat jenenge Maling Cluring kang penggaweyane jupuk duweke liyan³ lan diwenehake marang wong kang ora nduwe, MRA uga sinebut Mbah Waliyuna. Katrangan kasebut dikuwatake karo pethilan ing ngisor iki.

“Wiwitane niku Mbah Ratu Ayu keturunan saking kraton Mataram mbak, saliyané iku panjenengane kadhang diceluk kanthi jeneng Mbah Waliyuna, seda nalika taun 1010 M. Ten ngriki niku arane punden Mbah Ratu Ayu Mbak. Amarga nggih MRA niku tiyang ingkang babad alas desa wage lan nggadahi anak angkat namine Maling Cluring sing penggaweyane maling. Pepunden iku nduweni arti nek wong sing wajib disegani lan diregani.” (Bapak Seken, 15 Januari 2018)

Saka pethilan ing dhuwur cetha yen mula bukane anane legendha kasebut yaiku nalika

ana pawongan kang jenenge MRA. Panjenengane utawa MRA kuwi pawongan kang mbabad alas desa Wage lan nduweni anak sing jenenge Maling Cluring. Anak angkate seneng jupuk barange liyan kanggo diwenehake marang wong liya kang ora nduwe. Salah sawijine dina Maling Cluring nggawa mlayu anake wak mudin Medaeng amarga saking ayune anake wak mudin Medaeng. Maling Cluring nggawa mlayu anake wak mudin jalaran pengin ndadekake garwane nanging wak mudin ora sarujuk amarga penggaweyane Maling Cluring kuwi seneng jupuk barange wong liya. MRA iku wong kang sekti masiya panjenengane wadon amarga bisa nglawan wak mudin sing cetha wong lanang lan MRA nduweni pangaribawa gedhe marang anane desa Wage. Sadurunge dadi desa Wage iku arupa alas kang amba banget, lan sadurunge dibabad MRA geger karo Mbah Jati lan Mbah Aryo. Saking sektine MRA, wong loro iki kalah klawan MRA. Pungkasan MRA nggawe perjanjian yen alas sing amba iki dibabad kanthi cara diobong, banjur mengko tibane latune ana ing ngendi ya iku kang bakal dadi desa Wage lan dhaerah kekuasaane MRA. Mbabad alas nalika dina Wage samarine perang klawan wak mudin kang anake digawa mlayu karo Maling Cluring. Kamangka desa iki banjur dijenengake desa Wage.

Ora suwe saka nata desa banjur MRA seda lan ora dimangerteni sedane kenapa banjur dimakamake ing desa iki uga lan saiki dikenal kanthi jeneng punden MRA utawa pesareyan MRA. Saiki pesareyan MRA kerep dianakake tradhisi upacara adat lan sapanunggalane kanggo ngormati panjenengane kang wis mbabad alas lan dadi desa Wage nganti seprene. Tujuwan utamane ana TII saliyané ngormati MRA minangka leluhur ing desa Wage yaiku kanggo njaluk idin utawa palila marang leluhur nalika arepe nduwe gawe supaya Kabul kajade lan ora ana alangan apa-apa. Tradhisi iki ana uga kanggo dedonga lan wujud rasa syukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Tata Laku Tradhisi Ila-ila ing Pesareyan MRA

Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae kang digunakake sajrone TII. Yaiku wiwit rembugan karo juru kunci pesareyan nganti nyiapake piranti lan ubarampe kang kudu ana, senadyan warga ora perlu nyiapake panggonan,

nanging warga ya kudu rembugan ngenani tanggal, dina, lan wulan karo juru kunci, supaya bisa nyiapake panggonan.

Ing TII kang dadi punjere yaiku anggone slametan ing pesareyan MRA. Warga kang arepe nduwe gawe padha menyang pesareyan MRA karo nggawa ambeng yaiku jajanan kang wis disaratke lan uga nggawa tumpeng kanthi iwak bandeng lan kepiting. Yen kabeh wis padha nglumpuk kayata pihak kulawarga kang arepe nduwe gawe, tangga teparone, lan uga juru kunci minangka pawongan kang mimpin adicara mula TII diwiwiti. Wiwitane yaiku juru kunci nakoni gawene apa menyang kene, banjur pihak kulawarga sing nduwe gawe mangsuli apa kang arep dadi gawene. Sawise kaya mangkono banjur juru kunci mimpin donga. Sawise donga banjur wong kang nduwe gawe padha mlebu menyang pesareyane MRA kanggo nyekar lan nyumet dupa. Dupa wis di cepaki dening juru kunci lan disumet nalika ing njero pesareyan, ing kono ana wadhah kanggo nyumet dupa, dupa yen arepe entek mengko dadi latu. Supaya latune ora ngregedi pesareyan mula diwadhahi. Yen ing jaman biyen samarine nyekar kuwi nyawurna latu menyang ndhuwur amarga MRA nalika mbabad alas kanthi cara nyawurna latu, ananging saiki wis owah merga latu mengko ngregedi pesareyan lan papan panggonane warga amarga kagawa angin.

Adicara panutup kang ditandhani kanthi anane andum panganan kang digawa dening warga kang arepe nduwe gawe. Sawise slametan utawa barikan, warga ana sing mulih lan kadhang uga ana kang isih ing pesareyan kanggo ndongakake MRA. Samarine melu adicara TII, saben warga kang arepe nyekar MRA padha nggawa sekar dhewe-dhewe kanggo diseleh ing dhuwur pesareyan MRA.

Ubarampe lan Maknane Sajrone TII

Ing adicara TII iku ana sawernane sesaji utawa ubarampe kang kudu disiyapake. Saka asiling observasi lan wawanrembug, bisa diweruhi yen ubarampe utawa sesaji ing TII iku dumadi saka tumpeng kanthi lawuh panggang, iwak bandeng, kepiting, urap-urap, jangan kluwih lan endhog, uga ana gedhang raja, jadah sekar, lan dupa. Ing ngisor iki bakal diandharake saperangan ubarampe lan makna saka ubarampe kasebut.

1) Tumpeng

Tumpeng yaiku sawijining ubarampe kang lumrah ana ing sawijining slametan adat Jawa. Tumpeng kang ana sajrone TII awujud tumpeng sega putih. Sajrone tumpeng ana lawuhe yaiku iwak bandeng, kepiting, panggang, urap-urap, jangan kluwih, lan endhog. Kabeh panjangkepe tumpeng nduweni makna dhewe-dhewe. Makna saka tumpeng yaiku tumpeng wiwit biyen dipercaya yen nduweni gegayutan kang raket karo panguripan masyarakat. Masyarakat uga ngerti lan percaya yen panggonan kang paling dhuwur iku duweke Gusti Allah. Mula tumpeng bentuke lancip mendhuwur ibarate yaiku kang ngisor iku manungsa lan paling pucuk iku ibarate Gusti Allah, Kabeh masyarakat Jawa wis mangerteni anane tumpeng kasebut minangka sesaji kanthi pangarep-arep jangkahe manungsa supaya luwih cedhak marang Gustine lan bisa kasembadan apa kang dadi pepengine.

Saliyane kuwi tumpeng nduweni makna yaiku tumindak mepeng. Mepeng kang dimaksud ing kene yaiku tumindak becik kanthi kekuwatan kang mantep dadi anggone tumindak becik ora setengah-setengah. Tumindak mepeng bisa kanthi cara ngibadah marang Gustine uga bisa tumindhak becik marang manungsa liyane. Tumindak becik marang liyane kayata seneng awehan, ora seneng ngomongake liyan, lan uga ora gampang menangan utawa sakarepe dhewe.

a. Panggang

Panggang yaiku lelawuhan saka pitik (Jawa) kang dipanggang lan dibumboni (bawang, brambang, kemiri, tambar, kunir, uyah, gula, lombok cilik, lombok abang, laos, lan godhong jeruk purut) kanthi dioles-olesi ing pitik kasebut banjur dipanggang kanthi mateng. Pitik kang dipanggang biyasane nggunakake pitik jago.

Makna saka pitik jago kang dipanggang yaiku pawongan kudu bisa kuwat nalikane golek sandhang pangan, ora kena ngreputna liyan. Jago kang dimaksud yaiku cundhuk kaya jenenge pitik kang kuwat. Panggang dhewe cekakan saka pawongan golek sandhang pangan. Intine nalika golek sandhang pangan kudu rekasa amarga kang jenenge jago kuwi kuwat.

Panggang uga nduweni makna yaiku panggulawenthah samubarang. Samubarang kang dimaksud yaiku manungsa. Panggulawenthah dhewe nduweni makna cara ndhidhik, dadi carane ndhidhik manungsa kuwi kaya kepriye supaya bisa

dadi manungsa kang becik tumindake. Pitik jago pitik kang kuwat uga pitik apik dadi ibarate bisa menehi tuladha kang becik .

Endhog

Endhog pitik nduweni pralambang yaiku diumpamakake kaya donya kang cacah ana telung perangan, saka lapisan kapisan yaiku kulit, putihe endhog, lan kuninge endhog. Teges mau diumpamakake kayata kalungguhane warga panyengkuyung anane TII ing dhusun Sri Tanjung iki. Warga ing kene uga kaperang dadi telung lapisan warga wiwit ndhuwur, tengah, lan ngisor. Nanging saka sakabehe lapisan kasbeut nduweni ancas kang padha anatarane siji lan sijine nalika nindakake adicara TII ing pesareyan MRA yaiku nduweni pangajab supaya warga bakal piningan berkah pangestu lan keslametan.

Endhog mujudake manunggale antarane wong kang ora nduwe, wong kecukupan, lan wong kang sugih. Kabeh wong bisa nyawiji antara siji lan sijine tanpa ndeleng bandha. Pethilan kasebut, kuwi bisa dingerteni yen endhog kuwi nduweni teges kang wigati utamane kanggo panguripane manungsa ing alam donya. Endhog pitik kuwi minangka pralambang panguripane manungsa ing donya. Manungs akuwi diumpamakake kaya endhog kang nduweni telung lapisan. Menawa manungsa kuwi ana kang sugih, kecukupan, lan uga ana kang sarwa kurang utawa kacingkrangan. Mula saka kuwi dikarepake manungsa bisa urip guyub lan rukun tanpa ana pambada kang matesi. Lumantar saka endhog kasebut uga dipercaya dening warga kang nduweni pangajab, bakal piningan rejeki lan berkah kang linuwih saka Gusti nalika nindakake sakabehe gegayuhan utawa pakaryan ing saben dinane.

Urap-urap

Tembung urap kuwi nduweni teges urip, wong urip kudu urap lan urap. Tegese yaiku wong urip kudu urap kang nduweni makna migunani tumrap liyane, saliyane migunani uga kudi bisa urap kang nduweni teges bisa srawung. Wong urip kudu nduweni nilai sosial kang dhuwur supaya bisa diajani dening wong liya. Saliyane migunani lan kudu srawung wong urip iku kudu bisa mikir dawa nalikane mutusake samubarang, ora kena asal mutusake nanging kudu ditimbang becik orane.

Dawa pamikire kasebut ibarat saka kacang lanjaran kang ana sajrone urap-urap. Dawa uga nduweni makna umur kang dawa, dadi nalikane urip nduweni pangajab dawa umure uga dawa pamikire. Cambah lan godhong puhung uga nduweni makna kang beda.

Cambah kuwi nduweni makna utawa teges supaya panguripane manungsa kuwi tansah terus maju utawa ngrembaka, pinter golek penggaweyan, lan bisa nduweni keturunan. Wong kang maju banjur kasil mengko bisa di deleng wong kanggo tuladha. Saliyane iku makna saka klapa mula manungsa kudu tansah bisa nduweni piguna kanggo sapa wae la nana ing ngendi wae papan panggonane. Manungsa kudu bisa urip ing kahanan kang kepriye wae, awit saka seneng lan susah, lan kudu bisa nyukuri apa wae kang ginaris saka Gusti. Saka lawuh urap-urap bisa di dudut yen warga dhusun Sri Tanjung nduweni pangajab bisa migunani tumrap liyane, bisa dawa umure lan dawa pamikire, bisa maju lan bisa kasil ing tembe mburine bisa dadi tuladha kanggo liyane uga kudu bisa urip ing kahanan apa wae lan uga kudu bisa nyukuri apa wae kang wis ginaris saka Gustine.

Iwak Bandeng

iwak bandeng nduweni makna lincah utawa gelem ngupaya, dadi manungsa nalika urip kudu gelem ngupaya supaya uripe bisa kepenak. Nalika ngupaya kudu kuwat ora kena aleman supaya mengko bisa oleh samubarang kang apik, kaya kang dipenginake. Yen wis oleh kang apik kudu bisa ngrumat. Kaya kepiting kang nduweni makna kuwat lan nalika nyupit angel olehe ngeculake.

Nalika TII, sajrone tumpeng ora ana kepitinge mula bisa digenti karo iwak saliyane bandeng nanging cacah kudu ganjil. Kuwi maknane yaiku nalika MRA mbabad alas desa Wage dhewekan ora ana bature lan nyatane bisa. Dadi manungsa saiki anggone ngupaya mergawe ora kena aleman lan kudu bisa mandiri supaya ing tembe mburi uripe bisa mulya lan apa kang dadi pepengine bisa kagayuh.

Bandeng nduweni makna banter lan mudheng. Banter kang dikarepake yaiku manungsa yen lumaku utawa ngupaya iku kudu banter, ora kena klemar-klemer kudu rikat supaya cepet rampung anggone makarya. Iwak bandeng kuwi lincah mula kudu rikat. Mudheng kang dikarepake

yaiku kudu bisa ngerti ngenani babagan apa wae. Yen durung ngerti gelem sinau marang wong kang wis ngerti. Kepiting nduweni makna kepinteran tingkah. Kepinteran tingkah kuwi karepe manungsa kudu nduweni salah bawa kang becik. Solah bawa kang becik mertandhakake yen wong kuwi bisa mikir dawa lan pinter.

Jangan Kluwih

Kluwih nduweni makna yaiku supaya rejekine luwih-luwih. Kuwi arupa pangajab saka warga, saliyané nduweni umur dawa, pamikiran kang dawa, tansah mandhiri anggane ngupaya uga supaya rejekine luwih-luwih.

Gedhang Raja Setangkep lan Jadah

Gedhang raja ing kene nduweni makna yaiku menahi pakurmatan marang para raja utawa pemimpin supaya rakyaté oleh pengayoman lan bisa urip tentrem tanpa anane bebaya. Jadah yaiku panganan kang digawe saka beras ketan kang dicampur karo parutan klapa banjur didang lan ditetel. Biyasane ketan kang digunakake kanggo nggawe jadah yaiku ketan putih. Jadah kerep digunakake utawa kalebu ing ubarampe adicara ngantenan, nanging ing kene jadah uga digunakake kanggo adicara TII. Jadah uga dadi ubarampe kang wajib ana nalika adicara TII, amarga sajrone TII iki, jadah dadi ubarampe kang uga njangkepi anane ubarampe-ubarampe liyané.

Kembang Setaman

kembang setaman klawan TII yaiku kekarepane warga dhusun Sri Tanjung kang kepengin antuk kautaman ing uri bebrayan. Kautaman iki dipralambangake kanthi ubarampe awujud kembang setaman. Kautaman kembang bisa di deleng saka wujudé kang maneka warna, wernane kembang endah lan ganda arum. Anane kautaman kembang kasebut bisa diarani nyepakake kembang setaman ing salah sawijine ubarampe kang ora bisa ditinggalake ing TII.

Maknane yen manungsa urip mesthi nduweni pepengim yaiku supaya uripe nduweni rejeki akeh sarta drajad dhuwur. Pangarep-arep kasebut ditekakake saka kembang setaman kang ana ing salah sawijine ubarampe. Manungsa kang

nduweni kautaman ing uripe, kanggo ningkatake uripe supaya luwih apik tinimbang sadurunge.

Dupa

Dupa minangka pralambang saka awake dhewe kang kudu bisa njaga asmane bapak lan ibu. Pralambang antuk saka paedhahe obong dupa kang ngasilake keluk lan ganda arum. Ganda arum maknane bisa njaga asmane wong tuwa lan leluhur. Bedane obong dupa lan ubarampe dupa kadeleng saka fungsine. Yen obong dupa tujuwane menahi pakurmatan marang leluhur. Wondene, makna ubarampe dupa dhewe luwih onjo ing kepriye carane njaga jeneng apik para leluhur kang diibaratake kaya keluk ganda arum kang diasilake saka dupa iku dhewe.

Pigunane TII Tumrap Bebrayan Panyengkuyunge

Folklor minangka tradhisi rakyat, nduweni piguna tumrap bebrayan panyengkuyunge. Saliyané kuwi folklor uga nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap panguripan bebrayan masyarakat panyengkuyunge folklor. Teori fungsi kang digunakake kanggo ngandharake fungsi folklor sajrone TII ing pesareyan MRA yaiku teori modhifikasi kang diandharake dening Bascom lan Dundes. Pigunane folklor ing kene ditemokake ana pitu nanging saka fungsi utamane ana papat, yaiku: 1) minangka *sitem proyeksi*, yaiku kaca pangilone angen-angen saka kolektif. 2) minangka sarana pangesahe budaya, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugerane bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening bebrayan utawa *kolektif*. saliyané fungsi utama utawa pokok kaya kang diandharake miturut Bascom uga ana maneh fungsi liya minangka pengantar kang tuwuh saka anane pengembangan analisis. Fungsi kasebut ing antarane yaiku ana 5) minangka sarana kanggo nentremake ati, 6) minangka sarana kanggo ngalab berkah, lan 7) minangka alat hiburan sarta 8) fungsi ekonomi.

Owah-owahan Tradhisi sajrone TII

Tradhisi yaiku salah sawijine unsur kabudayan kang asipat *dinamis*. Warga kang nduweni kabudayan mesthi menahi unsur kreativitas supaya luwih endah. Tradhisi kang ana sajrone pesareyan MRA tamtune wis ngalami

owah-owahan. Ana pambada antarane jaman biyen lan jaman saiki. Bisa diwawas saka saperangan kagiyatan lan ubarampe. Owah-owahan kang ana sajrone tradhisi dianggep samubarang kang lumrah, amarga kanthi terus lumakune dina mesthi ana owah-owahan. Owah-owahan kasebut bisa sipat ngrusak lan uga ana kang asipat nambahi utawa menehi kaendahan.

Owah-owahan Sajrone Kagiyatan utawa Tata laku TII

Jinis kagiyatan TII sajrone pesareyan MRA ing jaman biyen lan jaman saiki uga ngalami owah-owahan. Kagiyatan kang ana sajrone TII ing jaman biyen iku mung ndedonga ing pesareyan MRA. Ing jaman saiki jinis kagiyatane digawe tansayah luwih jangkep kayata ana tumpenge kang kudu ana iwak bandeng lan kepiting, yen warga kang arepe nduwe gawe kuwi pawongan kang mampu kadhang uga ana wayangane, banjur ana istighozah utawa ana tahlil.

Owah-owahan Sajrone Ubarampe TII

Saliyane jinis kagiyatan kang ana sajrone adicara TII kang ngalami owah-owahan. Sajrone ubarampe kang nyengkuyung adicara TII sajrone pesareyan MRA iki uga ngalami owah-owahan. Anane owah-owahan amarga bab kasebut asipat *dinamis*. Tegese bisa nyelarasake karo kahanan saiki. anane owah-owahan sajrone ubarampe kalebu bab kang lumrah, amarga kabeh kuwi dilarasake utawa ditrepake karo kahanan kang ana ing jaman saiki. Anane owah-owahan ubarampe kuwi mung saithik amarga warga desa Wage isih ana kang wedi nalikane ngowahi sakabehane. Kang owah kayata wadhah kanggo tumpeng lan lawuh-lawuhe banjur jajanan kang kudu ana ing TII. Masiya ana owahe nanging kudu ana jajanan kang dadi ciri khase utawa dadi punjere TII yaiku jadah lan gedhang raja. Kuwi ora kena digenteni karo gedhang liya-liyane. Wadhah tumpeng biyen kuwi nganggo saka pring nanging saiki nganggo tampah uga ana kang nggawe tampah plastik kanggo wadhah. Amarga tampah plastik kuwi ora repot nggawe lan bisa tuku ana ing bakul gerabah.

Faktor-faktor kang Njalari Owah-owahan Sajrone TII

Owah-owahan kang dumadi sajrone TII kang ana ing pesareyan MRA iki disebabake anane faktor-faktor kayata anane unsur anyar kang mlebu sajrone TII ing pesareyan MRA.

4.6.3.1 Unsur Anyar kang Mlebu Sajrone TII ing Pesareyan MRA

Unsur anyar kang mlebu sajrone TII ing pesareyan MRA mujudake unsur kang sesambungan karo teknologi. Jaman kang saya maju ndadekake teknologi uga tansaya maju, saengga nggampangake manungsa nindakake pakaryane. Majune teknologi ora mung ana ing sajrone warga kutha wae, nanging uga teka ing warga kang uripe ana ing desa utawa pinggire kutha. Mlebune unsur-unsur tekonologi ora ndadekake TII sajrone pesareyan MRA iki ilang kesakralane amarga wujud mung nambahi rengenge adicara.

Pamawas Warga ngenani TII sajrone Pesareyan MRA

Sajrone panguripane warga Jawa, apa kang wis dadi tradhisi lan uga kapitayan kuwi dadi salah sawijine bab kang tetep dijaga lan tansah diugemi anane. Kabudayan lan bebrayan Jawa nduweni sesambungan kang raket antarane siji lan sijine. Kalorone nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane warga Jawa mligine. Tradhisi lan kapitayan kang ana sajrone panguripan warga Jawa uga maneka warna lan nganti saiki isih ngrembaka. Tradhisi kasebut ditindakake nalika sesasi pisan, setaun pisan, utawa bisa kapan wae gumantung kahanan kang ana. Pambada kasebut gumantung saka papan lan panggonane, beda papan panggone uga beda cara lan wektu kanggo nindakake tradhisi kasebut.

Tuladhane kaya ing dhusun Sri Tanjung desa Wage, ing kene TII lan uga kapitayan MRA lan uga legendha pesareyan MRA isih tansah diugemi anane. Tradhisi kang ana ing desa Wage yaiku ditindakake nalika ana pawongan kang arep nduwe gawe. Dadi dinane bisa kapan wae. TII iki isih diugemi lan dirembakakake dening warga desa Wagemligine. TII iki asipat sakral lan dianggep nduweni pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane para warga kang nindakake.

Tanggapan utawa panemune warga ngenani kahanan TII sajrone pesareyan MRA, bisa dideleng saka pethilan wawanrembug. Panemune

warga saka desa Wage lan sajabane desa Wage ngenani TII kang ana ing pesareyan MRA, nemtokake kepriye kalungguhane TII kasebut ing sajrone panguripane warga desa Wage. Maneka wernane panemune warga ngenani bab kasebut uga dadi salah sawijine wujud pambiji saka warga ngenani kabudayan Jawa. Panemune warga iki saka warga kang nyengkuyung yaiku para nom-noman lah para pinisepuh.

Panemu-panemu kang ana nuduhake yen akeh warga Desa kang mangerteni ngenani TII lan pesareyan MRA. Bisa di deleng yen para bocah nom-noman uga ngerti ngenani kuwi masiya mung saithik, nanging uga ana saperangan bocah kang uga ora mangerteni bab TII sajrone pesareyan MRA. Beda maneh karo para pinisepuh, akeh kang mangerteni bab TII lan uga nindakake, nanging ya ana saperangan kang ora percaya ngenani babagan kapitayan kang mistis utawa ghaib. Kayadene kang di andharake dening Ahmad (25) mahasiswa jurusan tafsir *hadits* ngandharake yen kabeh iku gumantung karo kapercayane, tumindak kaya mangkono kalebu tumindak syirik marang Gustine. Kabeh kang ana ing donya iki kudu dipasrahake marang kang wis nyiptakake donya saisine. Yen pengin rejekine akeh kudu gelem ngupaya lan ngibadah, ora nggunakake cara menyang pesareyan. Saliyane iku uga ngandharake yen tumindak kaya mangkono ora ana aturane sajrone agama.

Lumrah yen ana panemu kang beda tumrap salah sawijine kabudayan. Panemu becik lan ora becik iku gumantung saka pawongan kang nindakake. Antarane warga siji lan sijine ora kena disalahake. Wong kang bisa mikir dawa lan wong kang becik kudu bisa ngormati anane pambada-pambada kasebut. Kanthi anane pambada-pambada kasebut bisa didadekake sarana kanggo luwih maneh anggone nikelake sipat *solidaritas* lan bisa luwih ngraketake paseduluran. Sakabehe warga desa kang mangerteni babagan lan nindakake bab TII kasebut nduweni pangajab supaya tradhisi iki ora ilang, mula kudu dijaga lan dilestarekake supaya tansah ngrembaka lan bisa kesuwur.

PANUTUP

Bab panutup iki kalebubab kang pungkasan. Bab iki ngandharake ngenani dudutan lan pamrayoga tumrap para pamaca supaya

didadekake patuladhan. Andharan kang luwih jangkep ana ing ngisor iki.

5.1 Dudutan

TII kalebu minangka folklor setengah lisan kang tuwuh lan ngrembaka ing dhusun Sri Tanjung. Tradhisi kasebut ngrembaka turun temurun saka generasi siji menyang generasi sabanjure. Mula bukane tradhisi tradhisi iki ana sesambungane klawan legendha ngenani pesareyan MRA lan uga ana gandheng cenenge karo mula bukane desa Wage. Mula saka kuwi, TII iki tansah tetep diuri-uri lan dirembakakake dening warga panyengkuyunge.

Adhedhasar dhata kang wis diklumpukake lan kang wis di diandharake ana ing bab sadurunge, mula bisa didudut asiling panliten. Dudutan ngenani asiling panliten, mujudake bab kang cundhuk lan wigati karo ancas ngandharake asiling panliten. Manut analisis kang wis kelakon ana ing panliten TII ing Dhusun Sri Tanjung, Desa Wage, Kecamatan Taman, Kabupaten Sidoarjo, asil saka panliten kasebut diandharake kaya ing ngisor iki.

Babagan makna, TII kang ana ing Dhusun Sri Tanjung, Desa Wage, Kecamatan Taman, Kabupaten Sidoarjo iki ngandhut samubarang kang nduweni makna. makna lan simbol kang kinandhut sajrone TII iki ditintingi nggunakake konsep kang diandharake dening Herusatoto lan Kuntowijoyo. Makna lan simbol kasebut ana ing sajrone adicara kang ditindakake lan ubarampe sarta sesaji kang wajib ana sajrone adicara TII. Makna lan simbol kasebut njalari supaya warga panyengkuyunge tansah ngugemi lan nguri-uri tradhisi kang ana supaya ora ilang. Piguna utawa fungsi saka TII ing antarane yaiku minangka alat proyeksi, minangka alat pengesahan budaya, minangka sarana pendhidhikan lan minangka alat *pengendali* sosial. Banjur tuwuh piguna liyane yaiku minangka alat kanggo nentremake ati, minangka sarana kanggo ngalab berkah, minangka alat hiburan, lan kang pungkasan fungsi ekonomi. Saliyane piguna kasebut uga bisa tuwuh piguna liyane, amarga saka anane pamawase panliti kang diolehake saka anane katrangan saka informan bakal nuwuhake piguna sajabane piguna kang diandharake dening Bascom.

Kajaba saka iku uga ana owah-owahan sajrone TII ing Dhusun Sri Tanjung, Desa Wage, Kecamatan Taman, Kabupaten Sidoarjo iki. Owah-

owahan sajrone TII kang ana ing pesareyan MRA iki lumrah anane, amarga sawijine kabudayan mesthi ngalami kang jenenge owah-owahan selaras karo pangrembakane jaman. Kanggo mangerteni owah-owahan kang ana ing TII sajrone pesareyan MRA iki digunakake konsep Koentjaraningrat. Owah-owahan kang ana ing TII iki yaiku ana ing saperangan kagiyatan adicara kang ditindakake lan uga ing ubarampe kang digunakake sajrone adicara. Sipate owah-owahan kang ana ing TII iki becik, amarga owah-owahan iki ndadekake TII iki tansaya ngrembaka lan narik kawigatene warga kang ana ing sajabane desa Wage. Bab kasebut nuduhake yen tradhisi sajrone TII iki asipat *dinamis*.

Tanggapan warga desa Wage ngenani TII kang ngrembaka ing sajrone pesareyan MRA iku ana maneka warna. Ana kang nyengkuyung anane tradhisi kasebut lan uga ana kang ora percaya kanthi anane tradhisi kasebut. Saperangan bocah nom uga mangerteni ngenani babagan TII lan ngenani MRA. Asil saka panliten iki ngandharake yen akeh warga desa Wage sarujuk lan nyengkuyung uga percaya kanthi anane TII sajrone pesareyan MRA kang isih ngrembaka nganti saiki. Panemune warga kang ora sarujuk kanthi anane tradhisi kasebut uga maneka warna. Babagan pambedane panemu utawa pamawas kang diandharake dening warga dudu perkara kang wigati tumrap TII kang ditindakake amarga sakabehane kuwi gumantang kapercayan lan uga niat nalikane nindakake samubarang.

5.2 Pamrayoga

Kabudayan bakal ilang nalika manungsa kang dadi panyengkuyunge wis ora gelem nguri-uri kabudayane, mligine kabudayan dhaerah kang awujud folklor setengah lisan. Folklor setengah lisan bisa ana lan ngrembaka amarga wis diwarisake kanthi cara turun temurun lan gethok tular. Folklor setengah lisan kalebu kabudayan kang gampang ilang tinimbang sastra tulis, mula saka kuwi perlu dilestarikake supaya tetep ngrembaka.

Wigatine folklor setengah lisan kanggo dilestarikake, yaiku supaya anak putu utawa generasi penerus sesuk ora lali lan bisa mangerteni crita kang ngrembaka ing dhaerahe dhewe utawa dhaerah liyane lan uga mangerteni kaya ngapa wujud tradhisi kang ana ing dhaerahe dhewe, saengga bisa menahi kawruh lan ilmu kang dirasa

nduweni akeh piguna. Selaras karo pangrembakane jaman kang tansaya suwe tansaya maju iki, para nom-noman kudu bisa luwih pinter anggone nyaring kabudayan-kabudayan asing kang ana ing sakupenge lan uga kudu pinter anggone nyengkuyung pangrembakane kabudayan dhaerahe. Saliyane iku, uga kudu bisa nglestarikake budaya iki mligine folklor setengah lisan iki kanthi turun temurun, supaya ora ilang amarga kena pangrembakane jaman.

Panliten iki nduweni pangarep-arep kang bisa ndadekake pamrayoga lan lamunan marang instansi-instansi pendhidhikan kanggo ndadekake budaya lokal minangka sarana pasinaon lan minangka sarana panggulawenthah. Kajaba saka iku, panliten iki uga nduweni pangarep-arep supaya bisa menahi paedah marang wong kang durung mangerteni ngenani anane TII sajrone pesareyan MRA. Panliten ngenani TII iki uga kalebu tuladha kanggo nguri-uri kabudayan supaya ora ilang lan supaya ora kalah karo kabudayan asing.

KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsini. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Bakker, JWM. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Daroeso, Bambang. 1983. *Pengantar Pendidikan Moral Pancasila*. Semarang: Aneka Ilmu.
- Djamaris, Edward. 1993. *Nilai Budaya Dalam Beberapa Karya Sastra Daerah Di Sumatra*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Utama.
- _____, Suwardi. 2010. ^a*Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Medpress.
- _____, Suwardi. 2010. ^b*Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- Geertz, Clifford. 1981. *Abangan Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Herusatoto, Budiono. 1984. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Graha Widia.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya: Indonesia.

- Koentjaraningrat, dkk. 1984. *Kamus Istilah Antropologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- _____. 1987. *Pengantar Hukum Adat Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 1994. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 2005. *Pengantar Antropologi Pokok-Pokok Etnografi II*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2007. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Poerwadarminto, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B Wolters Uitgevers Maatschappij.
- _____. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika (Kajian Puitika Bahasa, Sastra dan Budaya)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradhisi*. Jakarta: Gramedia.
- Santosa, Gempur. 2007. *Metodologi Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Jakarta: Prestasi Pusaka Publisser.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress bekerja sama dengan Citra Wacana.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Sulaeman, Munandar. 1998. *Ilmu Budaya Dasar*. Bandung: PT Refika Aditama.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra ; Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tim Pusat, Bahasa Indonesia. 2008. *Kamus Bebas Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.